NOSEY AHMADU BAAS

XAAJ BU NJËKK BI:

1- Dof yi

2- Sutura yittéel na ku ne

3- Tagg Sëriñ Tuubaa

4- Afrig

5- Sama yaay

AHMADU BAAS TUUBA- LIMAT : 773289380

Bismillaahi rahmaani rahiimi

DOF YI:

1-Damaa génn bis saa kër di dox romb benn dof

Mu toog cib ruqam jël ay yoxoom faste ciy waggam

2-Te leeg-leeg mu ree leeg-leeg mu jooy rafle wang ko wër

Ma ngay lox keroog daa sedd boolek tarug lëndam

3-Wérul waaye teewul nag mu dis gor nde tàllalul

Loxoom kenn tooñul it ña toogoon ci ag wetam

Wolof Ak Xamle

4-Yaram waa nga sooñoo sooñoo duw dàll dug basaŋ

Te lee-lee mu taw ndaysaan ba taa suuxal ab ëmbam

5-Bu xiifee pupel lay dem amul ndey ju koy tibbal

Fa nuy këppi des lay dem fa lay fekki aw ñamam

6-Te it man la wax day mujj dem lekki ñam wu bon

Wu am yaari fan woo xam ne baaxul ci ag wéram

7-Na muy def? Gisul yaayam te it amna yatti at

Yu mat sanguwul lum sol da koy for ci ay sënam

8-Bu jaaykat bi sànnee màngo mbaa sax orãs bu nëb

Mu daw këf ko noonee sax la koy lekke cig takkam

9-Ngalaw sàqi nit daw tàbbi néegam ne kàpp tëj

Mu des tay kanaayal want yay dal ci ay gëtam

10-E ndaysaan bu rombew dàll mbaa pot wallaw sagar

Da koy teg lu rëy moo tax mu koy boole cib ëmbam

Wolof Ak Xamle

11-Dafay waxtu fum wéetée te lee-lee mu mer di xul

Te kat am na ndey am baay ba am rakk ak magam

12-Ba muy wér la bokkak ñépp bis ñëw ñu dal ko ber

E waay wéradee tax waaye as gor la woon su gëm

13-Rakkam donn nab néegam jabar jaa ngi séy feneen

Te ndoom sam amoon boobee batay xolu koy gëtam

14-Juróom yaari doof lañ fekk Tàmbaa ñu rendi leen

Ba jël séen i awrak séen i yuur lii ka daw yaram

15-Dañoo butti ñee xar boppi ñee ñee ñu sànni leen

Ci ay kër yu kenn dëkkul ba ñuy xeeñ ñu door a xam

16-Gisal ñaata yoon lab dof di xëy dee ci ay tabax

Yu yeggul ba am ay fan ba fay xeeñ te kenn du xam

17-Gisal benn dof bee faatu Leelan ci wenn xur

Ba fay xeeñ te ab xiif rekk moo sànk ag dundam

Wolof Ak Xamle

18-Gisal ñaata yoon lab dof di xëy lekk ñam wu bon

Ba febar ca ay at kenn du jug saytu ay mbiram

19-Gisal ñaata yoon lan fekk ab dof mu xëy wësin

Te ken man ta laaxaan kenn ken foogulab ëmbam

20-Gisal ñaata dof ngay fekk dus kumba mbaa tubay

Dañuy rafle noonee rek di dem ñépp gis pëyam

21-Gisal ñaata dof ngay fekk duñ jekki duñ nelaw

Dañuy dox ba dee doo gis ku naa xam na bàmmelam

22-Te gis naa fi bis ab dof bu am benn góom bu rëy

Ma ngay wokkotoo kay waxtu kenn saytuwul wéram

23-Lii lee tax ma jug tay woo Etaa beek ñi Yàlla ñor

Ñu booloo taxaw tey saytu jaa-Yàlla yii ñu am

24-Wowóowow wowóo yéen góornëmaa réew mi walluleen

Ewaay walluleen as gor su xëy ñàkk am xelam

Wolof Ak Xamle

25-Te gis ngeen fi ay dof yoy ku leen faj ñu daa di wér

Te xam ngeen ne mbooleem dof yi koo tëye dootu dem

26-Nde dof boo fi gis muy dem kërug nit la bàyyi koo

Ku wér dellu ciy mbokkam xarit xel dafay xalam

27-Te gis naa ku faj mbaamam te gis naa ku faj fasam

Fajum jàmb-jóobam faj goloom sax fajub xajam

28-Te taxtil mu faj mbokkam mu xëy ñàkk am xelam

Ku faj mbaam fajub xaj bàyyi nit àndul ak xelam

29-Ci lii sax ci laay faf ñaaxe askan wi may waxal

Ñu daw lépp luy tax nit di xëy ñàkk am xelam

30-Xelal gànjarag nit xel la nit am ba not mbëfër

Xelay tax xaleb naar not gëléem bay xëccab nosam

31-Xelay tax nu wullig naaga war xàcc tay dañal

Te xam gee ne du maasam nit ci dooleek ci ag rëyam

32-Xel ay tax ba lislaam teg nu jëf waa ju ñàkk xel

Asal dootu am aw yiw te dootu yilif këram

33-Xel ay tax nga xàmmee mbaax xel ay tax nga daw lu bon

Xel ay tax ba nit xam lëf ci Buur Yàlla ak mbiram

34-Xel ay ndab la xam-xam tàbbi ngir waa ju ñàkk xel

Du xam lëf du am lëf waa ju am xel am i yëfam

35-Xel ay leer ga nit xëy tedde moo tax ba Aadamun muñ

Di sangub malaakaak jinne Ibliisu ñàkk ndam

36-Xel ay tax ba nit rekkay sangub suuf lu weesu nit

Xarit loo fi gis ngir nit la ngir moo yoram xelam

37-Xarit ñàkki gët mbaa ñàkki waaraama gën nga nàkk

Am xel xel ay nit nit nitteetil ci ay cëram

38-Ku jàngoon walaa tulxuu bi aydiikumóo ilaa

Dangay xam ne kon kuy yàq am xel yorul gëmam

Wolof Ak Xamle

39-Ma wax yenn mbir yuy tax ba sun ndaw yi xëy di dof

Ñi ley rab la nii ay raab la raab yàq nay ndawam

40-Dofab raab dafay wuuteek dofab rab ci yenn mbir

Na ñuy moytu yàmbaa daw dorog bàyyi ay mbiram

41-Dofab iilu ak bob siisu ñoom it danaa ci ñëw

Damay jëkk a way ki sàngara yàq ag dundam*

42-Bu kenn fóoni diyiyã day rayum xel di yàq xol

Lu rey xel di yàqub xol ku koy def du nit daxam

43-Te alkool alag naw gaay ku koy naani dootu wér

Lu waay am lu dul wér jaay ko ngir jënde kok wéram

44-Lariklees di yàqal nit ci xol ak ci ay xëtër

Ñi xam nee ñu day dem sax ba far gàttal ug dundam

45-Te dee diis ku koy naan man na dee dee gu diis te tar

Nde luy fuq bët moo gën ci nit luy fuqab xolam

Wolof Ak Xamle

46-Gisal waa ji naan sum-sum ne xëndaŋ ci géddi bëy

Nelaw bay xaran sum soof na lool xel yi lay gësam

47-Amoon na ku màndim sëng faf dër di yag-yagal

Ñu koy tàccu muy taasook a saagaa ci ab ëttam

48-Te am na ku naan biiñ daanu bañ sàcc lam yoroon

Te muy lim bu rëy boo xam ne moo yor dundug këram

49-Amoon na ku naan sàmpaañ di xeexoo ñu far ko ray

Sulaar saa ko jam ay paaka ndaw dee gu ñàkk jom

50-Ku naan roos du rus nit dootu rus Yàlla dootu rus

Njabootam ndaxam man naa sëyak yaayamak rakkam

51-Wisig yeek falaag day yàq am xel ba leen dorog

Kokaa gën kokaayine fopp cib xol akuw yaram

52-Te gis naa ku naan am ñoll daa màndi bay tërëf

Xalel yaa ko sottim ndox mu far yàq ay sëram

53-Te it am na dof yoo xam ne ay wird lañ yoroon

Ba rawhaan ya dofloo leen ñu far topp ay xëram

54-Gisal benn waay biy wird ab diir mu summi ay

Yëreem summi caayaam génn néegam di dox di dem

55-Te kat bañ ko laajee nee na suuf see ko àttanul

Ma laaj waa ji kon san suuf la doon sàmp ay ndëggum

56-Te talsam yi ak rawhaan yi lim sànq ciy xalel

Dorog mantikoo jot fàww daf dul lu neex a xam

57-Te say jàq tax nas cam di siisook a say ba dof

Kurus ag ndofam day metti ndax yombulam pajam

58-Gisal jenn waay jiy yuuxu tay daw di wër te naan

Dafay bañ a doon ab xutbu kii séenu nag ndofam

59-Te am raxasun xas-xas xarit xawma lum saxal

Lu dul ndof jëlal aw tur wu leer bàyyi talsamam

60-Te tas tas na waay bam yuuxu xàccit mu tas këram

Te tas mbiramak soxnaam ñu naa déet mu tas xelam

61-Kitil ak katal ak màkk jal-jal ku koy sikar

Bu teewloo war a naree dafay waat yu saf xorom

62-Te ag nasabin ak hatariisun ku leen bawul

Dafay mujj rekk fab ay mbubbam daanu ciy sënam

63-Jaxaay yaayi dëhtëhtiilu doofloo na ay kuréel

Jalaal jal na fiy wàmmeel te dofloo ñu am xorom

64-Gisal waa ji tëj néegam ba ab diir mu mbëkk daw

Te naa maa nee ajabaaru maa tay ci ab ëttam

65-Ku woo Ummu Muusaak yaayi Xëlbaa ci ay kurus

Ma woo man ki bindoon yaayi Muusaa te yor mbiram

66-Ku fiy woo Afaariitun minal jinni man ma woo

Ka bindoon Afaariitun te yor léppi wërsagam

67-Dalal nag te teey booy sàkku mbir ndax ku wattuwul

Xérak ëppalak yàkkamti looy sàkku doo ko am

68-Faral noppi yaw Baas wax bu niwee te am njariñ

Dafay doy salaatun yal na dal Taaha ak ñoñam

Sutura yittéel na ku ne:

Lu tax nit ñi buñ déggee lu baaxul ci nit ku yiw

Taxaw temm ngir yaatal ko bam law ba daj fu ne

Lu tee woon nga jéggal nit te koy nëbbaley ay sikkam

Ndaxam suturas Buur Yàlla yittéel na cam su ne

Goray xam safaan dencal ko mbokkam ba faatu ñëw

Ragal Yàlla tax ak maandu ak xam na ñëw bone

Bu leen weratib jullit bu leen yàq ab deram

Ku fiy dund feek deewóo safaan man na laa gane

Wolof day misal ag dund ciw koor

Ku jàpp bis lifeeg dog jotul ag jubu weesul fa dog bone

Di siiwal safaanub nit ba far ëpp koy ayib

Ku am xel du def loolii bu leen yor xelam gone

Lu tee woon nga nëbbal kob safaanam te Yàlla tax

Ndagam Yàlla mooy sattaaru maandooy li war ku nee

Na ngeen moytu jëw baaxul te daa mel ne lekk nit

Te rambaaj a raw day tax ba ay bokk duñ mane

Na ngay nëbbe say bon-bon bëggóo kenn xam ca lëf

Na las cam di nëbbey bon-bonam kon bu koy wane

Te Ibliis ma ngeen daa muslu tey moytu ag mbonam

Mu ngoo gii ci seen apaareyiy woote tay sone

Te anternet ay ab jumtukaayam di daamaram

Koneksiyoŋ bi mooy xontam bi ngay aktiwey done

Nataalak wokaal boo jot ci watsab ñu koy toxal

Efaaseel te bul partaase luy yàq ay gone

Éy waay siggileen watsab yi day yàq seen i xol

Lu ngeen am ci mbon ngay xew Farãsak la xew Gine

Éy waay siggileen ceetaan mi réeral na seen i xel

Ba kenn dóotul jàmmanteek i nawleem ya koy gane

Ewaay siggileen for yoon wa yéenak ci xuur wu rëy

Wu lëndam te gar yang fay sibuy yong ay tene

Ewaay siggileen ndax Yàlla seen gët yi xoolu yiw

Ba laa leeri gët yee fàddu xoolleen fa mbir ya ne

Li apaarey yàqal nit ku koy xayma doo fi jug

Batay kuy naxub diriyànke ayfon nga koy cane

Li watsab di jël ciy waxtu ndax jur na ay njariñ?

Te moo tax mukalaf yaa ngi niiy waxtu niy gone

Na muy yàqe dundug nit dafay dem ba mel ne sax

Manul ñàkk cig dundam te am kooy lëjal ku ne

Li ngay def ci Feesbug boo ko jàppoon dogub sikar

Ndaxam lee nga am xam-xam yu Feesbug ya dul wane

Te kat ñàkk Feesbug lortilës cam nde Yàlla mii

La muy sédd ab jaamam ci sax ciw turam la ne

Kurus gaa ngi nii der baa ngi nii jukki baa ngi nii

Ta dog yaa ngi nii céeboy ngënéel yaa ngi dët fu ne

Ku sellal ndabal biiram mu feesak tawab ngëram

Ku not ab xolam cib net ñu nattoo ko mbon ku ne

Ndagam deftilag mbon waxtilag mbon di gis lu bon

Akay déggi bon-bon doy na lag mbon fa mbon bone

Wolof Ak Xamle

Te man maa ngi nii xamteeti mas lëf

Te fàtte naa li saa xol bi takkoon fëtt naa mokkal ak lu ne

Damaa talatul sax wérd mba may talug nafar

Damaa sonn ngir ndéggat yi gaa yi di ngun-ngune

Mo Baas tee nga sàlloo tuub te faf raasi wépp yiw

Labat may yi tàggook moy yi moy yaa ngi lay gane

Te mbon sax jigul sëppéen ba sàkkaa ku tol ne yaw

Faseek moy yi daa jot sëkk ngir doonatóo gone

Ka jéggal ña juumoon démb tey nëbb ay ayib

Dagaan naa ko ag njéggal gu far saa ayib yu ne

Ka xam lépp cib jaamam te muural ko ay moyam

Fa laay tuube laa jàdde ci ag mag ba cig ngone

Ka jéggal laram Daawuda laay sàkku njéggalam

Te moo jéggaloon Yuunus nde moo tee mu faf jëne

Ka jéggal Badar jàmbaar ya songoo te diine tax

Asal man na maa jéggal ci mbaxam gi moy gu ne

Te kii jéggaloon Wahsii ma xar dënnu Hamsatin

Asal man na maa jéggal te ràngal ma pal ku ne

A yallaahu yaa rahmaanu yaa sañ te yaay dogal

Fa salli halal maahii te far mbon gi dag fu ne

Tagg Sëriñ Tuubaa:

Yewwuleen bu Yàlla faale

Ab laram na ñépp dagu

Dag ca péeyi ba lay xala añ

Wuyusileen ci seeni sago

Xaadimu Rasuuli la fal

Gàngunaay ga moo ko jagoo

Moom la Yàlla far ca lëzal

Nattu yooya moo ko tegoo

Farlu gaak yittéem ja mu yor

Lëf taxul mu raf bu dogoo

Yàlla rekk rekk la ŋoy

Alxuraan la mas di fegoo

Sopp Mustafaa di xolam

Aw taggam la mas di wogoo

Aar na ngir mi Yàlla tëral

Ag tëyam la mas di wegoo

Waa ju xam du wër ku ko moy

Moom la Mustafaa di sagoo

Lim defar ci dénd bii doo

Seeru fii kemam ba Tógóo

Wër wëraani dem na ba ñëw

Dem na Misra dem na Segu

Wër na ñoñ-arab ba dajal

Ñëw ñu naa ko yaw jugagóo

Nee gisul fi dëe ki didi

Réew mu nekk nee na fa góo

Ab Yonen ci Taha la yam

Xejj baa ngi kaay nu dagu

Baas yëngul te way ko daxam

Soo ko bàkkagul wayagóo

Baas yëngul te jublu ci moom

Soo ko jubluwul wayagóo

Sant rekk mooy li la war

Yaa ngi saddi way te gagóo

Afrig:

Afrig sa doom yaa ngi war ay gaal di tàbbi ci mbeex

Di lab di dee soo jógul kat lee ñu faatu ba jeex

Sa néewi doom yaa ngi géej giy gëq booba ba tay

War-ndéexe tax leen a war ay gaal yu gudd ta déex

Géej gii jirimloo na ay ndaw tas na ay këri-kër Jeeg jiy jotul seen i rangooñ sax ci tuuru ba jeex

Ay ndaw yu am doole am xam-xam di sànku jubul Afrig jógal kar sa ndaw yii leegi say gone jeex

Su géej gi dee ray tubaab yiy jàppe ak di fital

Nga sax ci nguurook a xëccoo ay pal balaa bi du jeex

Kuñ fal mu lëngook i gaayam sax ci sàcc alal

Di taax ak ay tuuxu ay sàntam di regg ba géex

Rongooñi waadoole yeek miskiin yi faf saf i déeg

Di siim cerey wuur yi tay siif seen ñaxet di ko ñeex

Way-ñàkk yiy wéy ci seen ug ñàkk gaa ya amoon

Di gën di woomal bariy daamar di lekk lu neex

Baykat ba daa suqlim réew réccu lum baye woon

Bay weeri weer jaaye as njëg notti notti ga yeex

Ku jaay kilob gerte tay jii njëg sa num man a toll

Du mat kilob ceeb mo ndax baykat bi deeti na féex

Tay Afrikaa jaay na ay géejam yabooy ak i jay Lay xonti doomam tubaab yiy yóbb jën yi fi weex

Ag càmm yàqu na, jur giy wopp parlu hamul

Baykat yi ak sàmm yaa ngiy soow i ruur ak a xeex

Ku màng téemeeri nag ren jublu àll déwén

Mu mànki fanweeri nag ag càmm yàqu na jeex

Ku jàng yor ay lijaasaam mun la ham fumu xëy

Yii rekk a tax ndaw yi jóg war gaal yi tàbbi ci mbeex

Afrig jógal defaraat mbay mii nga ham te defar

Sa càmm gii nanguwaat géej gii tubaab yi ne céex

Sekkarti dex yii ñu sakkoon jël sa ndaw yi nga ham

Joxleen i xëy dunde sam koom ñàkk dal di fi jeex

Yaw am nga way xaralaak ay waane am ñu xereñ

Say suuf njariñ li mu ham réerul ba dee fi ko jeex

Am ay garab tay jëggaanim paj ci réewi Tugal

Say ndën di ñor ngay xëccoo lañ wetti ak di ko wéex

Afrig dogal buumi njaam yii ndax nga àgg ca kaw Lu der bu ñuul tële tay bay jaamu till yu weex.

Lu nit ku ñuul di xëccoo ak nit ku weex du ca jot

Ak doonte moo ko yayoo ñuul tax du jiite ñu weex

Seetal sa doom yiñ fi ràngoon ngir ñu wallu tugal

Dogan kon ak ñoom tugal day far ca boobële xeex

Tay jii Tugal xañ la ay wuntam sa ndaw yi taxaw

Di ñalgu ay gaal di xét ay géej di faatu ba jeex

Biddanti bon na ndaxam Afrig bu teeloon a jóg

Kon tay Órob du nëxal géejug xelam ba du téex

Seetal ma réew mii di bañ lim am di jëgg di jël Ceebub Risaatool bi jeeg jii nee ñu mantil a neex

Tay dàlli Turkeek i Siin ngay jëndi junni di sol

Te dàll Ngaay nekk nii gën fopp piire te féex

Orãs ji ñor Kaasamaas lañ jal ci mbedd mi def

Juñ jëggi ciy firigoo ngir nee ñu moo gën a neex

Sobles Risaatool la ñuy wànteer ca luuma ya tay Sobles bitim réew si lañ seeral ne moo gën a weex

Jëggaani aw làkk jox sam réew ñu fàtte Wolof

Di soppi sax der bu ñuul ciy jumtukaay ba mu weex

Moo der bu ñuul lu la jot lii ndax tayeef la ci yaw? Déedeet li sam xel mu nëx taxtil ba nëxtil a téex

Faral taxaw foofu yaw Baas njàmbatak ba a yam

La gaa ya daa mer ci baawon mer la muy tëe a seex

Allaahuma salli halaa Sëyyidinaa Muhammadin wa sallim

Sama yaay:

Mëdu mbàkkeey samab xarit

Ba ma noon Baas jëlal këyit

Wile way def ci ay bëyit

Mëdu yaay Faatu neel bërit

Su ma àddoo dinan daje

Fahilaatun ma faahilu

Aji-way masti koo soloo

Mëdu jàppal bileb daloo

Ndimo fum yeese am solo

Kumu neex sañ nga maa koji

Sunu yaay Faatu kat mbiram

Ku fi xam war nga caa xalam

Lamu daa def ca biir këram

Ba waral may fëgg ay dëndam

Bajara maa ngi baj-baji

Sunu yaay boo yaboo tëddal

Te nelaw yaa yayoo saddal

Wile way maa ngi lay yattal

Galenub way te lay tëggal

Bajara maa ngi baj-baji

Duma deñ nag di saddi way

Di la way way wu gétti way

Wa ñu daa way ca Faatu Gay

Di la bal Jaaga lañ ko way

Sama way lépp a cay daje

Sunu yaay laa ni say jikkoo

Ku ci jël benn doom ji ko

Bu ñoree ñépp seetsi ko

Wutileen suuf te rijj ko

Faruleen tex faraasu ji

Su guddee ñépp dem tëri

Du ko tee jóg di kër-këri

Bu ayee ñam wa day bari

Ku ne jël kopp yay jëri

Bu yakkee ñép a fay daje

Sunu yaay bóoy du xas du jëw

Du xuloo it du wax ca kaw

Di teral mag di teete ndaw

Te du xeeb loo ko jox mu naw

Su meree muñ la koy faje

Du wëreeluy wutiy dërëm

Su xëyee sàkku jiy ngërëm

Bale fóot yakk ciy dabam

Su añee jekki cib ëttam

Du wëreeluy wuyiy ndaje

Masumaa jis ñu àtte ko

Masumaa jis ñu yedd ko

Du desal ñam ba bitti ko

Du gëjeek nit ba fakk ko

Su bégee it du baj-baji

Bu la dee yar da lay digal

Si la naxtaan ak ay bégal

Su ñu taajee mu lay tegal

Te su tàngee mu lay daggal

Di ko jal teg ba day daje

Ku tawat yaay a lay ragal

Gone jooy yaa a lay tëgal

Su daloo day joxey ñërël

Ba jaral mag ña yag-yagal

Di ko way ak di baj-baji

Ku wësin yaay a koy ruyal

Ku ayeet yaa a koy tayal

Bu xippee yaay a koy layal

Ku wësin yaay a koy foral

Ku feral foofa lay dëji

Sama yaay yaa yayoo dukkat

Di la feccal te naa dëggit

Di tëlëj tey fëggiy leget

Di la làccal ci say këll it

Di la tàccul di taj-taji

Su nu reeree mu natt njël

Di ko soq ak di wal ba njël

Bu nu yewwoo di jàng njël

Ndeke buntam ba sax tëjul

Ku tëreegul numuy tëje?

Sunu yaay bóoy du tudd nit

Fumu nekkul du yàq nit

Su ñu dee wax ca lam xam it

La rafet lay waxal jullit

Dafa jaaxal ka koy raji

Rajo baa far di wétalam

Bu jullee jàpp ab dogam

Jukki baa far di ab ñagam

Bamu daa aare làmiññam

Ca la daa sax ba gonlu ji

Du wax ak nit ba wàññi ko

Du xamal nit ba wuññi ko

Kumu yendul nga ràññi ko

Kanamug mbég la ràññikoo

Du tëjal kenn a kay tijji

Dafa yiw dal na muy waxe

Te sawar teey na muy doxe

Lumu ham yeemu koo joxe

Te sudee ree du tex-texi

Du doxiy wàlli ay bañe

Xalamal nag ni may tege

Galenub way bi may tëgge

Te Xaliil masti kóo fëgge

Tabalaay bàkk yay tege

Buntu buur Yàlla duy tëje

Fahilaatun ji may dugge

Ku ci teeyul dangay soge

Na nga jàngat ni may doge

Nde mbalax wuute naak rege

Lu wérul day yayoo faji

Wolof Ak Xamle

Jërëjëf yaa yayoo jëfal

Sunu nday yaa yayoo kafal

Mëdu ràccal ma lay sifal

Sama way am na saf-safal

Ku ko mos dal di baj-baji

Su ma àddoo damay nëxal

Xeli jàmbaar yi may waxal

Ku ma dar daanu kon doxal

Fasu par mbaam du koy daxal

Jégénub way falaa dëje

Su ma sóoboo ci géeju way

Watu laay jël di jax di wéy

Duma lal diis di kaali jay

Su ma sànnee sa daf du moy

Sama mbaal diis ya day mbeje

Su ma jooroo damay yëngal

Xoli woykat yi may tëggal

Su ma diiree xarit sëggal

Duma moy njoñ la may fetal

Sama sox doj ya lay toji

Sunu nday way wi yaa ko jar

Sama yaay yaw la yaa ko yor

Tabe muñ sell mooy sa cér

Man a muñ yaatu yéene xér

Jërëjëf jar nga baj-baji

Ku ma soppal sa yaay jógal

Gësamul mbaa nga dag-dagal

Sunu yaay bóoy lanuy sagal

Sunu yaay yaa yayoo tëggal

Di la tàccul di taj-taji

Ku sa yaay neex jugal taxaw

Di ko liital lu man di xew

Tata taj-taj na jóg ca kaw

Te na riir it bu kenn taxaw

Tata taj ténq yay daje

Sama yaay daf ma daa bégal

Di ma ràngal perub dijjal

Bu ma jooyaa mu may tëggal

Di ma yeetal te may tëral

Du ma boot dem fu raj-raji

Su ma woppee mu daadi dof

Ba ba may wér ma-yaay du kaf

Lumu ñam day lewet du saf

Du ne as senn saa du xef

Su ma tiitee mu baj-baji

Su ma nee is mu naa ma mas

Su ma nee ih da naa ma cas

Su ma féexul mu daa di las

Kanamam fit wa dal ne mes

Buma jooyee xelam tëje

Yile nag gor su koy xalam

War a weg yaay ci ab xolam

Te fexee seddalub xolam

Su manee way na jël xalim

Na ko daaj ndeem feruy ijj

Ba la may tàggutoo gërëm

Xale biy sëy di wut ngërëm

Gore yiw nob borom këram

Sëyewut xaatim ak xërëm

Te du ŋaayoo ngir ag wujje

Dëgëral muñ sa tiisu sëy

bu la mer yan bagaanu fay

Sunu jekkee ba Yàlla fay

Li nga daa muñ ci néegu sëy

Lu fa baax yaa ko fay mujje

Ku fi téen nàŋŋ nig jamal

Lumu jur mbott lay yamal

Ku fi bóofal ka muy sëyal

Lumu jur siggi nig jamal

Guñu dul ràng a kay loji

Sa jëkkar sàmmalub sagam

Di ko raamal defub sagam

Di ko jiital defub dagam

Na nga sew ngir dabuy ngërëm

Ëllëgee sag njaboot dijj

Ngërëmul sëy du njocc lex

Natt ay lockolaŋ di rax

Ak armal ajug marax

Ku liggéeyul dangay torox

Na nga jàngat na ñuy aje

Ki fi sew bay nirub karaŋ

Ka fa rëy bay dirig deleŋ

Ka ñu fay xeeb ba koy feleŋ

Ka ñu xejjal mu def keléŋ

Ka fa jëf rekk a fay gañe

Sama jeeg bul di gaaw a nëx

Na nga teey bul di gaaw a rax

Sama jeeg sàmba bul rambax

Rikk jekkil te wàññi dox

Ku ne gaafal na Moor-ndaje

Sama taxmiis bi ay caxam

Bu fi tëx miis ba doo ko xam

Ku ko jël def ko ab caqam

Dana am ndam fa gaa ña xam

Ku ca waaj raw ci sab daje

Aji-bind ji: Nogay Cuun

Aji-topp ji: Seex Lóo

Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 317 83 17 / 78 426 61 35.